



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 03/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE 1E PWOPOSIZYON LI NAN DEKLARASYON 2017
“ETA LETA A” (2017 STATE OF THE STATE): POU KOLÈJ GRATIS POU KLAS
MWAYÈN NEW YORK**

***Senatè Ameriken Bernie Sanders Vin Jwenn Gouvènè a pou yon Anons nan
LaGuardia Community College***

***Yon Program san Parèy nan Nasyon an Va Pèmèt Frè Eskolarite yo Gratis pou
Moun New York ki Fè jiska \$125,000 pa Ane Lè Y al nan Kolèj SUNY ak CUNY pou
Dezan ou Katran***

***Yon Gwo Inisyativ Fè Lekòl Siperyè Piblik Leta New York ofri Frè Eskolarite
Gratis, pou Bay Moun yon Souf avèk Dèt Lekòl, e pou Pèmèt Plis Moun New York
Jwenn Sekirite Finansyè***

***Nouvo Pwogram Bous “Excelsior” Ankouraje Plis Etidyan Diplome Alè, sa ki Fè
yon pi Gwo Pousantaj Etidyan Gradye nan Kolèj Piblik New York***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Sekretè Ameriken nan Vermont, Bernie Sanders, revele 1^e gwo pwopozisyon ki fè pati ajanda 2017 la: yo vle pou kolèj gratis pou tout fanmi klas mwayèn nan New York ki al lekòl SUNY ak CUNY, pou pwogram dezan oubyen katran. Pwogram kolèj gratis New York la, ke yo rele Bous “Excelsior”, se yon pwogram san parèy nan nasyon an. L ap bay moun yon souf avèk dèt lekòl, e l ap pèmèt plizyè milye jèn etidyan entelijan reyalize rèv yo genyen pou fini lekòl siperyè.

Selon pwopozisyon tou nèt sa a, plis pase 940,000 fanmi ak eleman klas mwayèn, k ap fè jiska \$125,000 pa ane, ta kalifye pou yo ale nan kolèj piblik Eta New York la gratis ti cheri. Pwogram Bous “Excelsior” la vle pout tou etidyan nan eta a, kèlkeswa estati sosyo-ekonomik yo, gen chans pou yo resevwa bon jan edikasyon ak konpetans yo bezwen pou yo jwenn lavi nan ekonomi mondyal nou an.

“Yon edikasyon nan kolèj se pa jwèt – se yon bagay ki absoliman nesesè pou yon moun jwenn libète ekonomik. Pou premye fwa nan nasyon an, grasa Bous Excelsior sa yo, n ap bay moun New York chans pou yo reyisi nan lavi yo, kèlkeswa kòd postal yo, epi san dèt lekòl pa peze kou yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York ap fè envèsti nan pi gwo avantaj nou genyen: moun lakay nou. L ap ankadre rèv ak anbasyon moun k ap chache lavi miyò e ki dispoze travay di pou sa. Se yon onè pou m jwenn soutyen Senatè Sanders, ki te pran devan pou bay tout moun dwa pou yo gen mwayen pou al

nan kolèj. Lè nou mete tèt nou ansanm, mwen konnen nou ka fè sa tounen yon reyalite. Yon fwa ankò, New York se va yon lidè.”

Senatè Ameriken Bernie Sanders di, “Pou Etazini jwenn plas li nan yon ekonomi global ki konpetitif anpil, nou dwe gen mendèv ki pi edike nan lemonn. Avèk popilarite teknoloji, epi pifò bon djòb ki mande bon jan edikasyon, nou dwe asire nou ke tout moun New York, tout moun Vermont, e tout Ameriken, resevwa edikasyon yo bezwen, kèlkeswa kantite lajan fanmi yo fè. Sa vle di, nou dwe fè tout kolèj ak inivèsite piblik gratis pou tout fanmi klas mwayèn ak tout fanmi k ap travay nan peyi a. Se pou sa Gouvènè Cuomo ap travay di nan New York e sa se yon bagay mwen ankouraje ak tout kè. Mwen mande lejislatè New York yo pou yo pase pwopozisyon trè enpòtan sa a, epi pou yo sèvi degzan pou tout rès pèp la.”

Pwogram kolèj gratis New York la, Bous Excelsior, mande pou etidyan k ap patisipe yo enskri apantant (full-time) pou dezan oswa katran nan yon kolèj SUNY oswa CUNY. Inisyativ la konsène fanmi klas mwayèn ansanm ak eleman kap fè jiska \$125,000, grasa yon pwogram èd siplemantè. Aktyèlman 80 pousan fwaye nan eta NY fè \$125,000 oswa pi piti, e yo estime 940,000 fwaye gen moun ki gen laj pou y al nan kolèj e ki t ap elijib pou pwogram nan. Selon kantite enskripsyon yo pwojete, plan an va koute apeprè 163 milyon dola pa ane yon fwa li fin sou pye.

Nouvèl inisyativ sa a pwal pran twazan pou li fin sou pye. L ap kòmanse avèk moun New York ki fè jiska \$100,000 chak ane apati sezon lotòn 2017, pou li rive jwenn moun ki fè \$110,000 an 2018, jiskaske li rive a \$125,000 an 2019.

Dèt lekòl kontinye ap monte - rive jiska \$1.2 milya nan tout peyi a. Li pi wo pase dèt kat kredi, dèt machin ak dèt kay. Se dezyèm pi gwo sous dèt konsomatè. Pwogram sa a ap vize pou bay etidyan ak fanmi yo mwayen pou al nan kolèj.

Pou li fonksyone, inisyativ sa a ap sèvi levye pou pwogram èd ak jenewozite Eta New York. Kounye a, Pwogram Asistans Frè Eskolarite (Tuition Assistance Program, TAP) ofri prèske \$1 milya nan zafè bous bay etidyan kolèj toupatou nan eta a, e New York se youn nan de grenn eta nan tout nasyon an ki ofri kalite èd sa a. Avèk pwogram sa a, etidyan ki kalifye t ap kontinye resevwa TAP ak lòt don federal ki aplikab. Lajan anplis leta bay va peye lòt frè eskolarite pou etidyan k ap vini oswa sa ki la deja epi ki kalifye.

Pwogram Kolèj Gratis New York la ankouraje etidyan tou pou yo diplome kolèj a lè. An 2013, se sèlman 38.7 pousan etidyan ki t al nan lekòl siperyè piblik katran, epi apeprè 8.5 pousan editidyan ki t al nan lekòl siperyè piblik dezan nan New York ki te jwenn diplòm yo a lè. Epitou, an 2015, dèt lekòl te \$29,320 an mwayèn nan New York.

Lè ou pran ankant frè eskolarite yo ki \$6,470 a \$6,330 an mwayèn nan SUNY ak CUNY lè pou yon moun jwenn lisans li, epi \$4,350 a \$4,800 pou yon diplòm premye sikl, plis yon etidyan pase tan nan kolèj, se plis lajan li vin dwe. Lè li egzije etidyan yo enskri apantant (full-time), pwogram kolèj gratis New York la va fè yon pi gwo pousantaj etidyan gradye, e li va bay moun yon souf pou gwo dèt lekòl pa toufe yo. L ap ankouraje

plis etidyan gradye a lè, nan de a katran.

New York se sèl leta nan nasyon an ki ofri yon pwogram pou padone dèt moun ki nan bezwen; pwogram sa a ofri lajan bay etidyan ki gradye kolèj Eta New York, kèlkeswa diplòm yo resevwa oswa pwofesyon yo chwazi. Pwogram Padon Dèt “Kanpe Sou Pye” (“Get on Your Feet Loan Forgiveness”) Gouvènè a efase dèt lekòl pou jiska 2 zan lè etidyan fèk gradye kolèj leta New York. Pwogram sa a, ansanm avèk nouvwo Pwogram Bous Excelsior New York la, pwal asire New York se yon lidè nan zafè pèmèt moun peye pou kolèj.

Yon diplòm kolèj nesese pou moun gen kapasite fè plis lajan. Plizyè ankèt te montre ke si yon moun gen yon lisans, l ap fè an mwayèn 66 pousan pi plis nan lavi li pase yon moun ki pa diplome nan kolèj. Moun ki gen yon diplom premye sikl ka atann yo aske yo fè 24 pousan pi plis pase moun ki gen yon diplòm lekòl segondè sèlman. Anplis, yon edikasyon nan kolèj kòmanse tounen yon nesese. Se pa yon jwèt li ye. Selon pwojeksyon Depatman Travay Leta New York (New York State Department of Labor), disi 2024, apeprè 3.5 milyon travay toupatou nan eta ap mande yon diplòm premye sikl, oswa yon diplòm pi avanse. Teren ekonomi global la kontinye ap chanje, ki fè li vin enpòtan anpil pou nou investi nan yon mendèv ki trè kalifye e ki trè enstrui.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418